# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आकाशवाणी के जरिया से आजु मन की बात कार्यक्रम में आपन बिचार साझा कइलें। उहां के कहलीं कि इंडिया एआई इम्पैक्ट समिट भविष्य में विस्व स्तर पर एआई के सक्ति क उपयोग के दिसा में खास पड़ाव साबि भइल हौ। समिट बदे नई दिल्ली में कई देसन क नेता, उद्योगपति, नवप्रवर्तक आ स्टार्टअप क्षेत्र से जुड़ल लोगि एकट्ठा भइलें।

***इस समटि में दुनिया को एआई के क्षेत्र में भारत की अद्भुत क्षमताएं देखने को मिली हैं। इस दौरान भारत ने तीन मेड इन इंडिया एआई मॉडल भी लांच किए। यह अपने आप में अब तक की सबसे बड़ी एआई समिट रही है।***

अंगदान के प्रति लगतारे बढ़ि रहल जागरूकता के बिसय पर प्रधानमंत्री कहलें कि एगो नेक काम अनगिनत लोगिन क जिनगी बदलि सके ला।

***इन दिनों भारत में ऑर्गन डोनेशन लेकर जागरूकता लगातार बढ़ रही है। इससे उन लोगों की मदद हो रही है, जिन्हें इसकी जरूरत है। इसके साथ ही देश में मेडिकल रिर्सज को भी बल मिल रहा है। इस दिशा में कई संस्थाएँ और लोग असाधारण कार्य कर रहे हैं।***

प्रधानमंत्री मोदी कहलें 'मन की बात' में डिजिटल अरेस्ट आ डिजिटल धोखाधड़ी पर उनके भासण के बाद समाज में येह दिसा में ढेरे जागरूकता आइल हौ। देस भर में चलि रहल बोर्ड परीक्षा क चरचा करत प्रधानमंत्री आसा जतवलें कि विद्यार्थी पुरहर लगन से अपने इंतिहान क तइयारी कइ रहल हवें आ तनाव में नाही हवें। श्री मोदी रमजान आ आवे वाला होली के तिउहार क देसवासियन के सुभकामना दिहलें। उहां के 'वोकल फॉर लोकल' क मंत्रो दोहरवलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु मेरठ के शताब्दी नगर नमो भारत स्टेसन से मेरठ मेट्रो आ नमो भारत ट्रेन के रवाना कइलें। उहां के मेरठ साउथ स्टेसन ले मेट्रो क सवारी कइलीं। प्रधानमंत्री बेयासी किलोमीटर लमहर दिल्ली–मेरठ नमो भारत कॉरिडोर देस के समरपित करत देस क पहिला नमो भारत क्षेत्रीय तीव्र पारगमन प्रणाली के अउरियो खण्डो क सुभारम्भ कइलें। एक सौ अस्सी किलोमीटर प्रति घंटा के गति के साथे, नमो भारत देस क पहिला क्षेत्रीय तीव्र पारगमन प्रणाली हौ। ई साहिबाबाद, गाजियाबाद, मोदीनगर आ मेरठ के दिल्ली से जोड़े ला।

श्री मोदी मेरठ में करीब बारह हजार नौ सौ तीस करोड़ रूपिया क कई गो विकास परियोजनो देस के समरपित कइलें। उहां के कहलीं कि येह परियोजना से विकसित उत्तर प्रदेस आ विकसित भारत के लक्ष्य के गति मिली।

***विकसित भारत की कनेक्टिविटी कैसी होगी, यह उसकी एक शानदार झांकी है। शहर के भीतर के लिए मेट्रो और ट्विन सिटी के विजन को गति देने के लिए नमो भारत जैसी आधुनिक ट्रेन मुझे संतोष है यह काम उत्तर प्रदेश में हुआ है।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आधुनिक भारत क निरमाता हवें। उहां के कहलीं कि ई परियोजना विकसित भारत क नेइ के मजबूत करी।

***रैपिड रेल को उद्घाटन करने के साथ–साथ अपने आप में एक मॉडल है। कि मेरठ को इस नमो भारत ट्रेन के साथ मेट्रो की भी एक नई उपहार होली के ठीक पूर्व आदरणीय प्रधानमंत्री जी के द्वारा आज यहां प्रदान किया जा रहा है। यहा उपहार विकसित भारत की उसे न्यू को सुदृढ़ करने का एक नया माध्यम हम सबके सामने है जिसने अत्यधिक इंफ्रास्ट्रक्चर के माध्यम से भारत की ताकत दिखती है।***

**********

प्रयागराज क विशेष पॉक्सो अदालति स्वामी अविमुक्तेश्वरानंद सरस्वती के खिलाफ बाल यौन सोसण के आरोपन क जांचि बदे प्राथमिकी दरज कइले क आदेस दिहले हौ। बिसेस न्यायाधीस विनोद कुमार चौरसिया क अदालति पछिला हप्ता आशुतोष ब्रह्मचारी महाराज आ अउरियो लोगि के ओरि से एगो आवेदन पर साक्ष्य क जांचि आ पीड़ित लइकन क बेयान दरज कइले के बाद आपन फैसिला सुरक्षित रखलस। याचिकाकरता स्वामी अविमुक्तेश्वरानंद के खिलाफ प्राथमिकी दरज कइले क निरदेस देवे बदे आवेदन कइले रहलें।

**********

प्रदेस क सज्जो मतदेय वाले जगहिनि पर आजु बिसेस गहन पुनरीक्षण कार्यक्रम के क्रम में ओटर लिस्टि में नांव जोड़ले आ संसोधन करे बदे चउथा अभियान दिवस आयोजित कइल गइल। बिसेस अभियान दिवस में हर मतदान वाले जगहिनि पर भिन्नहीं साढ़े दस बजे से दुपहरिया डेढ़ बजे ले बूथ लेवल अधिकारी बीएलओ मौजूद रहलें।

**********

अजोध्या में आजु श्रीगोरक्षनाथ पीठ न्यास आ नेशनल मेडिकोज अर्गनाइजेशन के संयुक्त तत्वावधान में गुरू गोरखनाथ स्वास्थ्य मेला क आयोजन कइल गइल। मेला क उद्घाटन प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही कइलें। येह मौका पर पीजीआई लखनऊ, केजीएमयू लखनऊ, राम मनोहर लोहिया के सथहीं कई गो प्रतिस्ठित चिकित्सा संस्थानन क करीब दुइ सौ बिसेसज्ञ चिकित्सक लोगिन के ओरि से निःसुल्क सेवा दीहल गइल। मेला में मरीजन के निःसुल्क सलाहि दिहले के सथहीं जांचि कइ के जरूरी दवाई दीहल गइल।

**********